# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि येह बरिस केन्द्रीय बजट क उद्देस्य कृषि क्षेत्र के अधिक लचीला अउर समृद्ध बनावल हौ। उहां के आजु कृषि अउर ग्रामीण समृद्धि पर बजट के बाद वेबिनार के सम्बोधित कइलीं। प्रधानमंत्री केन्द्रीय बजट में घोसित **पीएम धन धान्य कृषि योजना** के बारे में अउर सरकार क **बीज से बाजार तक** पहल क सफलतो के ले के चरचा कइलें।

***आज भारत का कृषि उत्पा दन रिकॉर्ड स्तर पर है। दस, ग्यारह साल पहले जो कृषि उत्पादन 265 मिलियन टन के करीब था वो अब बढकर 330 मिलियन टन से ज्यादा हो गया है। बागवानी में जुड़ा उत्पोदन 350 मिलियन टन से ज्यादा हो गया है। यह हमारी सरकार के बीज से बाजार तक की अपोर्च का परिणाम है।***

श्री मोदी प्रधानमंत्री आवास योजना ग्रामीणो क उल्लेख कइलें अउर कहलें कि सरकार ग्रामीण अर्थव्यवस्था के समृद्ध बनावे बदे प्रतिबद्ध हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें हवें कि प्रयागराज महाकुंभ पूरा विस्व के चकित कै दिहले हौ कि कइसे नदी के किनारे एगो अस्थाई सहर में करोड़ो लोगि पवित्र स्नान कइलें। नई दिल्ली में आजु भारत मण्डपम में एन एक्स टी कॉन्क्लेव के सम्बोधित करत प्रधानमंत्री आजु ई बाति कहलें। उहां के कहलीं कि आजु देस के जाने बदे दुनिया भर से लोगि भारत आवल चाहत हवें। विस्व एक्कइसवीं सदी क भारत की ओरि बहुते उत्सुकता के साथे देखि रहल हौ। उहां के कहलीं कि वोकल फॉर लोकल अब वास्तविकता में बदलि रहल हौ।

**********

प्रयागराज महाकुंभ क पैंतालीस दिन में श्री काशी विश्वनाथ धाम में रेकार्ड तीनि करोड़ सरधालु बाबा क दरसन–पूजन कइले हवें। मंदिर प्रसासन की ओरि से जारी आकड़ा के हिसाबि से महाशिवरात्रि पर छियालीस घंटा के भित्तर सतरह लाख से बेसी सरधालु जबकि मौनी अमौसा पर इग्यारह लाख से बेसी लोगि बाबा क दरसन कइलें।

**********

देस भर में आजु से जन औसधि जन चेतना सप्ताह क सुभारम्भ भइल। ई कार्यक्रम सात मार्च ले चली। येह मौका पर आजु नई दिल्ली में केन्द्रीय स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण मंत्री जगत प्रकाश नड्डा, प्रधानमंत्री भारतीय जन औसधि परियोजना क रथ आ दस गो अउरियो गाड़ियन के झंडी देखा के रवाना कइलें। श्री नड्डा सज्जो लोगिन के प्रधानमंत्री भारतीय जन औसधि परियोजना के एगो जन आन्दोलन बनावे क अरज कइलें। येह मौका पर स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण राज्य मंत्री अनुप्रिया पटेल कहलिनि कि येह हप्ता में कई गतिविधियन के जरिये समुदाय के जागरूक कइल जाई।

***इस योजना के माध्यनम से दो हजार 47 के करीब दवाएं और तीन सौ से अधिक सर्जिकल उत्पाहद जनता को बहुत ही कम दामों पर बाजार में जो ब्रेंडेड दवाएं मिलती हैं उनसे यदि तुलना करें तो 70–अस्सी प्रतिशत कम दामों पर यह सब उपलब्ध  हो रहा है जिससे जनता की तीस हजार करोड रूपए की बचत हुई है।***

**********

कुशीनगर जिला क परिषदीय स्कूलन में विद्यार्थियन के डिजिटल लाइब्रेरी क सुविधा उपलब्ध करावल जाई। ई जनकारी जिला बेसिक शिक्षा अधिकारी डॉक्टर रामजियावन मौर्य दिहलें। उहां के बतवलीं कि पहिला फेरा में डिजिटल लाइब्रेरी में कई भासा क तीनि हजार से बेसी किताबि उपलब्ध करावल जाई। डिजिटल लाइब्रेरी के तीनि बरिस क लइकन से ले के सोरह बरिस तक के उमिरि क किसोर–किसोरियन बदे तइयार कइल गइल हौ। नया सैक्षिक सत्र से टैबलेट चाहे एन्ड्रॉयड फोन पर ई सुविधा मिली।

**********

आगरा जिला क फतेहाबाद थान्हा क्षेत्र में आगरा–लखनऊ एक्सप्रेस–वे पर आजु सबेरे बनारस से जयपुर जा रहल बस अउर ट्रक क टक्कर में चारि जने क मउति हो गइल। येह दुखद हादसा में करीब एक दरजन से बेसी लोगि घाही हो गइलें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ घटना क संज्ञान लेत गहरा दुख जतवले हवें। उहां के अधिकारियन के घाही लोगिन के पुरहर इलाजो क निरदेस दिहले हईं।

**********

चित्रकूट जिला में चलि रहल बावनवां राष्ट्रीय रामायण मेला महोत्सव क चउथा दिन्ने आजु रामकथा प्रवचन सभा क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर विद्वान लोगि रामभक्ति, रामनाम क महिमा अउर सगुण भक्ति क महातम जइसन बिसयन पर चरचा कइलें। तुलसी पीठाधीश्वर जगतगुरू रामानंदाचार्य अउर पद्मविभूषण स्वामी रामभद्राचार्य क मौजूदगी में दुइ मार्च के मेला क समापन होई।

**********

बिहने से रमजान के पवित्तर महिन्ना क सुरूआति हो रहल हौ। येही क्रम में आजु संझा से तरावीह क खास नमाजो सुरू हो जाई। मुस्लिम धरम गुरू लोगिन के हिसाबि से बिहने रमजान क पहिला रोजा होई अउर अलविदा जुमा क नमाज अट्ठाइस मार्च के होई।

मौसम विज्ञान विभाग बिहने से पूरा प्रदेस में मौसम सुस्क रहले क आगम जतवले हौ। विभाग की ओरि से जारी पूर्वानुमान के हिसाबि से अगिला तीनि–चारि दिन में अधिकतम तापमान में धीरे–धीरे दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस क बढ़ोत्तरी होई अउर फेर कुछु गिरावट आई। ओहीं, अगिला चारि–पांच दिन में न्यूनतम तापमानों में धीरे–धीरे दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस क गिरावट गइले क आगम हौ।

**********